

Rezime Règleman Asistans Finansye

Dapre Misyon ak Valè nou yo, Sèvis Sante Providence pran angajman pou pran swen tout moun kèlkeswa kapasite yo gen pou peye, ak atansyon spesyal pou sila yo ki pòv epi vulnerab. Sèvis Sante Providence ofri konsèy ak asistans finanye pou ede reponn a nenpòt pwoblèm finansye pasyan yo oswa fanmi yo ka genyen konsènan swen yo. Règleman èd finansye nou yo montre gwo enterè Sèvis Sante Providence gen pou travay ansanm ak pasyan nou yo avèk konpasyon epi bon jan atansyon, yon fason pou idantifye mwayer pou rezoud obligasyon finansye yo.

Ki moun ki kalifye?

Ou ka pètèt kalifye pou resevwa asistans finansye. An jeneral yo detèmine asistans finansye a dapre kantite total lajan ou rantre lakay ou parapò avèk Nivo Povret Federal la (FPL). Si revni ou pi piti oswa egal a 250% FPL la, w ap resevwa rediksyon 100% swen charite sou pòsyon frè ki sou responsabilite ou. Si revni ou plis pase 250% FPL la, men li pa depase 400% FPL la, ou ka resevwa rabè dapre mwayer pou peye. Pasyan ki kalifye pou asistans finansye yo p ap peye plis pou swen yo kalifye yo pase kantite lajan pasyan ak asirans yo peye anjeneral.

Ki sèvis ki kouvrì?

FAP a aplike pou ijans ak lòt swen sante ki nesesè pou rezon medikal. Tèm sa yo defini nan FAP a. FAP a pa kouvrì Sèvis Opsyonèl yo.

Kijan mwen ka aplike?

Pou aplike pou asistans finansye, ou dwe ranpli yon aplikasyon alekri, epi voye dokiman sipò yo, jan sa dekri nan FAP ak aplikasyon FAP a.

Kijan mwen ka resevwa èd ak yon aplikasyon?

Pou èd ak aplikasyon FAP a, ou ta dwe kontakte yon Reprezantan Asistans Finansye Sant Nasyonal Sèvis Revni (National Revenue Service Center, NRSC) nan 800-566-5050

Kijan mwen ka jwenn plis enfòmasyon?

Kopi FAP a ak fòmilè APLIKASYON FAP yo disponib nan <http://www.provhosp.org/patients-guests> epi nan Biwo Konsèy Finansye Pasyan an (Patient Financial Counseling Office). Ou ka jwenn kopi gratis FAP a ak aplikasyon FAP a tou pa lapòs si ou fè demann lan bòkote yon Reprezantan Asistans Finansye NRSC nan 800-566-5050.

E Si Mwen Pa Kalifye?

Pasyan ki pa kalifye pou asistans finansye dapre FAP a, yo ka petèt kalifye pou lòt tip asistans. Pou jwenn plis enfòmasyon, tanpri kontakte yon Reprezantan Asistans Finansye NRSC nan telefòn nan: 800-566-5050.

Tradiksyon FAP a, aplikasyon FAP a, epi rezime nan langaj senp sa, ou ka jwenn yo si ou fè demann lan.